# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–30 दिसंबर 2024 भोजपुरी समाचार

गोरखपुर क गोरखनाथ मंदिर में मकर संक्रान्ति के मौका पर लगे वाला विश्व प्रसिद्व खिचड़ी मेला में सिद्धार्थनगर, महराजगंज अउर नेपाल से आवे वाला सरधालुअन के सुविधा बदे पूर्वोत्तर रेलवे प्रसासन गोरखपुर–नौतनवां रूट पर खिचड़ी मेला स्पेसल ट्रेन चलावे क घोसणा कइले हौ। पूर्वोत्तर रेलवे क मुख्य जन संपर्क अधिकारी पंकज कुमार सिंह बतउले कि आठ कोच वाला खिचड़ी मेला स्पेसल ट्रेन नौतनवा से तेरह से बाइस जनौरी ले अउर गोरखपुर से चौदह से तेइस जनौरी ले चलावल जाइ।

**********

नया साल क स्वागत में होखे वाला आयोजनन के लेके पुलिस महानिदेशक प्रशान्त कुमार प्रदेस के सज्जों जिला में सुरक्षा क बढ़िया इंतेजाम कइले क निरदेस दिहले हवे। सज्जों जिला के पुलिस अधिकारियन के जारी निरदेस में पुलिस महानिदेसक कहले हवे कि नया सालि क आयोजनन के दौरान सराब पी के वाहन चलावे वाले लोगिन पर खास नजर रखल जाव।

**********

नया सालि क सुरूआत में बनारस के काशी विश्वनाथ धाम मे ढेरि संख्या में सरधालुअन के अइले क संभावना के देखति काशी विश्वनाथ धाम ट्रस्ट की ओरि से बाबा विश्वनाथ क सुगम दरसन बदे ढेरि तैयारी कइल गइल हौ। काशी विश्वनाथ धाम मंदिर क मुख्य कार्यपालक अधिकारी विश्व भूषण मिश्र आजु पत्रकारन से बतियावत बतउले कि नया सालि पर सरधालुअन क सुविधा बदे सफाई, पियले क साफ पानी अउर इमरजेंसी इलाज क खास इंतजाम कइल गइल हौ। उहां के बतउलीं कि सरधालुअन के भारी भीड़ के देखत स्पर्स दरसन पर पुरहर रोकि रही।

**********

प्रदेस सरकार में कैबिनेट मंत्री अउर सुहेल देव भारतीय समाज पारटी क अध्यक्ष ओम प्रकाश राजभर कांग्रेस पर संविधान निर्माता बाबा साहब डाक्टर भीम राव आम्बेडकर के नाव पर ओट क राजनीति कइले क अरोप लगवले हवे। आजु अजोध्या दउरा पर पहुंचल ओम प्रकाश राजभर मीडिया से बतियावत कहलें –

***जीवनभर कांग्रेस ने बाबा साहब डॉक्टर अम्बेडकर जी का विरोध किया। बाबा साहब डॉक्टर अम्बेडकर गरीब, कमजोर, वंचित, शोषित, पिछड़ा, दलित, अल्पसंख्यक की लड़ाई लड़ते रहे, किससे लड़ते थे, कांग्रेस से, कांग्रेस ने नहीं माना। बाबा साहब को दो–दो बार चुनाव कांग्रेस ने हराया, बाबा साबह डॉक्टर अम्बेडकर को केन्द्रीय मंत्रिमण्डल से रिजाइन देना पड़ा कांग्रेस की वजह से और आज कांग्रेस बाबा साहब डॉक्टर अम्बेडकर के नाम पर सिर्फ वोट की राजनीति कर रही है।***

**********

प्रदेस सरकार नया सालि में सरकारी कर्मचारियन क वर्दी भत्ता बढ़ा दिहले हवे। एमएसएमई विभाग के ओरि से जारी सासनादेश के हिसाब से नया सालि से राजकीय कार्यालयन में तैनात वाहन चालकन अउर अनुसेवकन के वर्दी खरीदे खातिर अब छौ सौ अस्सी रूपिया के जगहि पर एक हजार बीस रूपिया मिली। सर्दियो क वर्दी भत्ता एक हजार तीनि सौ दस रूपिया से बढ़ा के एक हजार नौ सौ पैंसठ रूपिया कइ दिहल गइल हौ।

**********

कुशीनगर जिला के कसया–सपहा राहि पर कसया क्षेत्र क डेढ़ किलोमिटर सहरी हिस्सा के सड़कि के चौड़ा करे अउर मजबूत बनावे खातिर सासन तीनि करोड़ चौहत्तर लाख, चौतींस हजार रुपिया क धनरासि क मंजूरी दे दिहले हवे। ई जनकारी देत कुशीनगर क विधायक पी. एन पाठक बतउले कि ये सड़क के बनि गइले से कस्बा में जाम के समेस्या से छुटकारा मिली।

**********

भारतीय अंतरिक्षि अनुसंधान संगठन – इसरो आजु रात नौ बजकर अंनठावन  मिनट पर श्री हरिकोटा से दुइ गो उपग्रह का प्रक्षेपण करी। ई उपग्रह कक्षा में अंतरिक्षि यान की डॉकिंग–अनडॉकिंग यानि जोड़ले अउर अलग कइले क प्रक्रिया के देखइहें। प्रक्षेपण यान पीएसएलवी–सी साठ अउर दुन्नो उपग्रह – एसडीएक्स–एक अउर एसडीएक्स–दुइ के चार सौ छिहत्तर किलोमीटर के कक्षा में स्थापित करी अउर स्पेस डॉकिंग क प्रायोगिक प्रक्रिया पूरा करी। एकरे बाद भारत एगो अइसन चउथा देस बनि जाइ जेकरे लग्गे ई क्षमता होई कि ऊ उपग्रह के तय कक्षा में पहुंचा के ओहके स्थिर रख सकी।

**********

आजु सालि क आखिरी सोम्मारी अमौसा मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर सरधालु प्रदेस क पवित्र नदियन में स्नान कइ के धार्मिक अनुष्ठान कइलें। चित्रकूट में कड़ेर ठंडी के बवजूद ढेरि संख्या में उमड़ल सरधालु मनदाकिनी नदी में डुबकी लगवले के बाद भगवान कामतानाथ क दरसन कइले। हापुड़ में गंगा नदी के ब्रज घाट अउर अमरोहा क गंगा धाम तिगरियो में सोम्मारी अमौसा पर स्नान करे बदे आजु भिन्नहिये से सरधालुअन क भीड़ि लागल रहल।

**********

पश्चिमी विक्षोभ क सक्रियता अउर पहाड़न पर बरफबारी से प्रदेस के जियादेतर जिला में सीतलहरी अउर कुहेसा का प्रभाव बढ़ी गइल हौ। मौसम विभाग आवे वाला दिनन में प्रदेस क पूर्वी हिस्से क न्यूनतम तापमान में दुइ से तीनि डिग्री सेल्सियस गिरावट क अनुमान जतवले हवे। मौसम विभाग के पूर्वानुमान के हिसाब से एक हप्ता ले पूर्वी उत्तर प्रदेस क सज्जों जिला में सीतलहरी अउर कुहेसा छउले क क्रम जारी रही।

**********